*Цæйут, æфсымæртау, раттæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№173 (26625)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2026 азы 22 сентябрь – рухæны мæйы 22 бон, дыццæг

Аргъ 10 соммы

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 ФЫДБÆЛЛÆХЫ АМÆТТÆГТÆ
*Æрымысыдысты сын сæ нæмттæ*

3 НÆ ИНТЕРВЬЮТÆ
*Æрдзыл аудын хъæуы*

4 НАЦПРОЕКТ
*Æрхонкæйы рынчындоны – ног аппарат*

www.rastdzinad.ru
vk.com/club217633221
https://max.ru/id1504031916_gos

**Æвзæрстытæ – 2026**

## Сергей Меняйло – республикæйы Сæргълæууæг

**Цæгат Ирыстоны Сæргълæууæгæй ногæй æвзæрст æрцыд Сергей МЕНЯЙЛО. Нæ республикæйы Парламентмæ Уæрæсейы Президент цы æртæ кандидатурæйы æрбарвыста, уыдонæй Сергей МЕНЯЙЛОЙЫЛ схъæлæс кодтой Парламенты депутаттæн сæ тæккæ фылдæр.**

Сергей Меняйло арфæ ракодта министрты кабинетæн æмæ Парламенты уæнгтæн, фæстаг фондз азы республикæйы царды ахсджиагдæр фарстатæ лыг кæнынил иумæ, кæрæдзи æмбаргæйæ, кæй архайдтой, уый фæдыл, æмæ бафиппайдта, цавæрфæнды зындзинæдты сæрты хизын æмæ размæ цæуын сын кæй æнтыст, уый.

– Нæ пъланты цы бирæ егъау проекттæ уыд, уыдонæн сæ фылдæр сæххæст кæнын къухы бафтыд. Цыфæнды фæстауæрцы уавæрты архайгæйæ дæр нын бантыст бюджеты социалон ахадындзинад бахъахъхъæнын, социалон хæстæ æххæст кæнын. Уæдæ сæрмагонд æфсæддон операцийы фыццаг бонтæй фæстæмæ нæ хъæбатыр лæппутæн æххуыс кæнæм, цæгатаг æмæ сæ хуссайрæгтыл нæ дих кæнгæйæ. Алцыдæр аразæм, цæмæй сæ тыхст мæцæуыл уа. Уымæн чысыл хæрдзтæ æмæ хъару нæ хъæуы. Фæлæ нын æндæрхуызы гæнæн нæй, уымæ гæсгæ сæ фарсмæ уыдзыстæм алкæддæр, – загъта Сергей Меняйло.

Ацы азы фыццаг æмбисы бæрæггæнæнтæм гæсгæ, Цæгат Кавказы федералон зылды Цæгат Ирыстон ахсы фыццаг бынат национ проекттæ æххæст кæныны хъуыддагæй (се ‘ххæст кæныны 68-æм бынатæй РЦИ-Алани схызт 16-æм бынатмæ).



Инфраструктурон объекттæ, цæрæн хæдзæрттæ аразынæй дæр нæ республикæ федералон æмбæзадыл у раззагдæртимæ. Уæрæсейы вице-премьер **Марат Хуснуллин** дæр бафиппайдта, инфраструктурон æфстæуутты фæрцы донуадзæн хызæгтæ бындуронæй чи рацарæзта, уыцы регионты ‘хсæн Цæгат Ирыстон кæй ис раззагдæртимæ.

Йæ раныхасы уæлдай арфæ Сергей Меняйло ракодта нæ бæстæйы Президент Владимир Путинæн.

– Ис ахæм проекттæ, æмæ канд стыр финансон фæрæзтæй уæлдай ма бирæ хъару æмæ фидар удыхъæд чи домы. Уымæ гæсгæ зæгъын хъæуы: проекттæй бирæтæ æххæстгонд не ‘рцыдаиккой, Владимир Путины комкоммæ æххуыс куы нæ уыдаид, уæд. Афтæ, дарддæр дæр рацарæзт цæуы Дзæуджыхъæуы аэропорт, стæй «Южные ворота», зæгъгæ, уæзæгтæ ласæн транзитон автотранспортæн фæндаг (йæ ахадындзинад ныронг дæр у бæрæг – «Уæллаг Ларс»-ы рады лæууæг машинæтæ дзæвгар фæкъаддæр сты). «Мамысон» кусын райдыдта æмæ ссис уарзон бынат республикæйы цæрджытæн æмæ туристтæн. Йæ гæнæнтæ фылдæр кæнынил дарддæр дæр архайдзыстæм. Нæ бæстæйы Президент комкоммæ æххуыс кæны Беслæны 1-æм скъолайы теракт баййафæг адæймæгтæн. Уымæй уæлдай, йæ уынаффæмæ гæсгæ Фыййагдоны аразын райдайдзыстæм, бæрзонд технологон æмбæзадыл Уæрæсейы æппæты стырдæр пульмонологон центр, – ныхас кодта Сергей Меняйло. Æмæ дарддæр ранымадта хъæууон хæдзарады, туризмы, транспорт æмæ фæндæгты инфраструктурæйы æндæр объекттæ аразын æмæ сæ реконструкцийы куыстытæ. Афтæ, æрмæст ивгъуыд аз инвестицион проекттæ республикæйы уыдысты 60-йæ фылдæр, сæ иумæйаг аргъ та уыд 80 милилард сомы бæрц.

– Арæзт æрцыд бирæ. Фæлæ ноджы фылдæр сты аразинаг хъуыддæгтæ. Ивгъуыд фондзазонæн аргъ кæнгæйæ, адæймаг æмбары – фенынæн æмæ раст хатдзæгтæ скæнынæн хъæуы рæстæг. Æмæ иумæ куы кусæм, нæ фидæныл иумæ куы архайæм, уæд цавæрфæнды зындзинæдтыл дæр фæуæлахиз уыдзыстæм, – загъта Сергей Меняйло.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг æмæ Хицауады пресс-службæ**

## Хуссар Ирыстоны ног Президент

**Хуссар Ирыстоны цæрджытæ бацархайдтой республикæйы Президенты рагацау равзарыны хъуыддаджы. Официалон æгъдауæй æвзæрстыты бæрæггæнæнтæ куы сбæрæг сты, уæд паддзахады разамонæг ХЪАМБОЛТЫ Марат фæсидт Хуссар Ирыстоны цæрджытæм.**



Уый, фыццаджыдæр, æвзарджытæн йæ фарсмæ кæй æрлæууыдысты, уый тыххæй бузныг загъта, разæй сæм цы стыр куыст æнхъæлмæ кæсы, уый иумæйагæй кæй æххæст кæндзысты, уымæй сын зæрдæ бавæрдта. Куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй адæмæй райста æууæнк, уый руаджы социалон-экономикон вазыгджын фарстатæ лыггонд цæудзысты.

«Равзæрстат Президент, хъæлæс кæныны хатдзæгтæ сбæрæг сты. Æвзарæн къамистæм чи æрбацыд, мæ фарс чи рахæцыд, уыдонæн бузныг зæгъын. Цы æууæнк равдыстат, уый мæнæн у стыр бæрнондзинады хос. Разæй нæм æнхъæлмæ кæсы стыр куыст, адæм сты царды хуыздæр уавæрты аккаг, æмбæлгæ æмæ аккаг медицинæ хъуаг, хорз ахуырад райсыны аккаг, райгуырæн бынаты цæрыны фадæттæ сын хъуамæ уа. Уыдон домынц комкоммæ уынаффæтæ, алы боны æвæллайгæ архайд. Уыдæттæ мах, зынаргъ æмбæлттæ, иумæ араздзыстæм!», – загъта Хуссар Ирыстоны республикæйы ног Президент Хъамболты Марат.

Уæрæсейы Президент **Владимир Путин** раарфæ кодта Хуссар Ирыстоны республикæйы ног Президент Хъамболты Маратæн. Йæ арфæйы телы загъд куыд æрцыд, афтæмæй æвзæрстытæ равдыстой хуссарирыстойнæгты бæрзонд æууæнк Хъамболы-фыртмæ. Уæрæсейаг разамонæг куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй Мæскуы æмæ Цхинвалы ‘хсæн ахастытæн ис хæлардзинады, æмцæдисонты фæтк.

Владимир Путины хъуыдымæ гæсгæ Хъамболты Мараты фæрцы дыууæ бæстæйы адæмты хуыздæр цардæн ахъазгæнæг фадæттæ, регионалон æдасдзинад æмæ нывылдзинад фæзындзæн. Уымæй уæлдай, Уæрæсейы Президент Владимир Путин Хъамболты Маратæн фидар æнæниздзинад æмæ фæрныгады арфæтæ ракодта.

**Нæ уацхæссæг**

**Парламентæй**

## Цæгат Ирыстон равзæрста разамонæг

**Уыд Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы æвдæм равзæрст Парламенты фæндзай цыппæрæм æмбырд. Депутатты фылдæр хъæлæстæй Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Сæргълæууæгæй фондз азы æмгъуыдмæ æвзæрст æрцыд Сергей Иваны фырт МЕНЯЙЛО. Æмбырд амыдта Парламенты Сæрдар ТУСКЪАТЫ Таймураз.**



Парламенты сессийы архайдтой Цæгат Кавказы федералон зылды Уæрæсейы Федерацийы Президенты Æххæстбарджын минæвар **Юрий Чайка**, Уæрæсейы Федерацийы сенатортæ – **Мамсыраты Таймураз** æмæ **Виталий Назаренко**, Уæрæсейы Федерацийы æстæм равзæрст Паддзахадон Думæйы депутаттæ **Таймазты Артур, Мæхъиты Зураб** æмæ **Тайсауты Хъазыбег**.

Официалон уазджыты ‘хсæн уыдысты – Кæсæг-Балхъары Республикæйы Сæргълæууæг **Казбек Коков**, Цæцæны Республикæйы Парламенты Сæрдар **Шаид Жамалдаев**, Мæхъæлы Республикæйы Хицауады Сæрдар **Владимир Сластенин**, Дагестаны Республикæйы Хицауады Сæрдары фыццаг хæдивæджы хæстæ рæстæгмæ æххæстгæнæг **Рамазан Джафаров.** Парламенты æмбырды кадджын уазджытæ уыдысты, Цæгат Ирыстоны сæргъы алы азты чи лæууыд, уыцы зындгонд адæймæгтæ – **Дзасохты Алыксандр** æмæ **Битарты Вячеслав**.

Бæрæг куыд у, афтæмæй ацы азы 26 августы нæ бæстæйы Президент Владимир Путин Цæгат Ирыстоны Сæргълæууæг равзарыны тыххæй республикæйы Парламентмæ æркæсынмæ барвыста æртæ кандидатурæйы. Уыдон уыдысты: РЦИ-Аланийы ныры Сæргълæууæг Сергей Меняйло, æнæххæст бæрнондзинады æхсæнад «Селенгауголь»-ы генералон директоры хæдивæг **Олег Варнавин** æмæ республикæйы Парламенты депутат, Цæгат Ирыстоны паддзахадон академион театры директор **Дудайты Чермен**.

Тускъаты Таймураз æмбырды архайджытæн куыд фехъусын кодта, афтæмæй, регламентмæ гæсгæ, æртæ кадидатурæйыл дæр æрдзырдтой Парламенты æппæт комитетты дæр.



Депутатты раз ныхас кодтой республикæйы Сæргълæууæджы бынатмæ æртæ кандидаты дæр. Сергей Меняйло йæ раныхасы арфæ ракодта республикæйы Хицауадæн æмæ Парламентæн, фæстаг фондз азы дæргъы æнгомæй кæй куыстой, уый фæдыл. Уæлдай арфæйы дзырд уыд республикæйы цæрджытæм, ныры уавæрты рæстæг кусынхъом кæй сты, республикæйы цардмæ куыдфæндыйы цæстæй кæй нæ кæсынц, се ‘мбарын æмæ сæ фæразондзинады тыххæй.

Уый фæстæ Парламенты уæнгтæ рахызтысты æвзарæн процедурæмæ. Сусæгæй хъæлæс кæныны уагæй бæрæггæнæнтæ рауадысты ахæм: æмбырды архайæг 63 депутатæй Сергей Меняйлойы кандидатурæйыл схъæлæс кодтой 61 депутаты, Олег Варнавиныл – 5 депутаты, Дудайты Черменыл – 0 депутаты. Афтæмæй, Парламенты Сæрдар арфæ ракодта Сергей Меняйлойæн, Цæгат Ирыстоны Сæргълæууæгæй æвзæрст кæй æрцыд, уый фæдыл æмæ расидт бæрзонд паддзахадон бынат бацахсыны кадджын церемони. Сергей Меняйло ард бахордта уырыссаг æмæ ирон æвзæгтыл.

Уазджытæй æппæты фыццаг республикæйы ног равзæрст Сæргълæууæгæн арфæ ракодта Юрий Чайка æмæ бафиппайдта, уыцы æвзæрст Уæрæсейы Президенты ‘рдыгæй, стæй республикæйы Парламенты ‘рдыгæй стыр æууæнк кæй у, уый.

Сергей Меняйлойæн арфæ ракодтой æмбырды иннæ уазджытæ æмæ архайджытæ дæр.

Тускъаты Таймураз куыд загъта, афтæмæй ныридæгæн республикæйæн цы хъуыддæгтæ саразын бантыст, уыдон уыдысты Сергей Меняйлойы разамынды фæрцы.

– Экономикæ æнтыстджынæй цæуы размæ. Мидбæстон иумæйаг продукт дыууæ хатты фæфылдæр. Хорз ивддзинæдтæ ис промышленносты, агропромышленнон къабæзты. Уырны мæ, хæстæгдæр фондз азы ноджы фылдæр хъуыддæгтæ саразын нæ къухы кæй бафтдзæн, уый, – загъта Тускъаты Таймураз.

**ДЕДЕГКАТЫ Зæлинæ**

## РЦИ-Аланийы Парламенты æмбырды тыххæй

**Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы æвдæм равзæрст Парламенты фæндзай фæндзæм æмбырд уыдзæн 2026 азы 24 сентябры 10 сахатыл Хицауады Хæдзары æмбырдтæ аразæн залы (Сæрибары фæз, 1).**

**Депутаттæ æмæ хуынд адæмы регистраци кæндзысты 2026 азы 24 сентябры 9 сахатæй фæстæмæ Хицауады Хæдзары фойейы.**

**Телефонтæ: 53-13-06, 53-33-16.**




**Дзырды фарн**

*Лæггадæн*
*зонд æмæ æрхъуыды*
*хъæуы.*

*ÆМБИСОНД*

**Фыдбæллæхы амæттæгтæ**

# Æрымысыдысты сын сæ нæмттæ

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО архайдта, 24 азы размæ Хъæрмæдоны Хъолхъайы цъитийы амæттаг чи фæцис, уыдоны нæмттæ æрымысыны номарæны.**

Нæ республикæйы Сæргълæууæг дидинджытæ сæвæрдта Джызæлы сæрмæ монументы раз. Мадзалы ма архайдтой алы ведомствæтæ, министрадтæ, барадхъахъхъæнынады оргæнты минæвæрттæ, депутаттæ, æхсæнадон архайджытæ æмæ дины кусджытæ. Зæрдыл æрлæууын кæндзыстæм, 2002 азы 20 сентябры Хъæрмæдоны Хъолхъайы цъити ратыдта æмæ йæ хъæлæсы ахаста, йæ размæ цыдæриддæр бахауд, уыдон. Уыцы æрдзон бæллæхы фесæфтысты 120 адæймаджы. Се 'хсæн – нæ республикæйы Парламенты, Конституцион тæрхондоны, Æвзарæн къамисы центры минæвæрттæ, бæхты театр «Нарт»-ы артисттæ, актер-режиссер Сергей Бодров æмæ йæ киноисæг къорд. Уыдон Ирыстонмæ æрцыдысты киноныв «Связной»-йы скъуыддзæгтæ исынмæ.



Цъитийы зæй æнæхъæнæй ныххафта хъæу Уæллаг Хъæрмæдон. Джызæлы, лами зæй кæй онг æрхæццæ, уым та трагедийы амæттæгтæн æвæрд æрцыд цыртдзæвæн.

**ДАДТЕТЫ Тамилæ**

**Æвзæрстытæ**

# Уавæр хъуамæ фæхуыздæр уа

**Территориалон æвзарæн къамисы бæрæггæнæнтæм гæсгæ, Æрыдоны районы Паддзахадон Думæмæ æвзæрстыты архайдта 23 мин адæймаджы. Хъæлæс кодтой 16 участокы, кампанийы цыдмæ сæ цæст дардтой фæсарæйнаг специалисттæ дæр.**

Уыдон бабæрæг кодтой Æрыдоны горæты 30-æм æвзарæн участок. Сæ цыды сæр уыд, Æрыдоны районы æвзæрстытæм куыд бацæттæ кодтой æмæ куыд ацæуыдзысты, уыимæ базонгæ уæвын. Уазджытыл зæрдиагæй сæмбæлдысты бæрæгбон хуызæй, равдыстой сын чысыл концертон программæ. Цæстдарджытæ кусæг фарстатыл ныхас кодтой къамисы уæнгтимæ, разыйæ баззадысты сæ техникон цæттæдзинадæй.




44-æм æвзарæн участок æрбынат кодта Фыййаджыбылы скъолайы агъуысты. Æвзарæн къамисы сæрдар **Плиты Ларисæ** нæ уацхæссæгæн куыд фехъусын кодта, афтæмæй æвзæрстыты рæстæг зæронхæлдтытæ не 'рцыд, сæ цыдæн дзуапп чи лæвæрдта, уыцы структурæты минæвæрттæ къæрцхъусæй дардтой уавæрмæ сæ цæст. Уæлдай æргом здæхт цыд адæмы æдасдзинадмæ:

– Уавæр фæхуыздæрмæ 'нхъæлмæ кæсы алчидæр, зæрдиагæй архайы ууыл, цæмæй йæ хъæу рæсугъддæр уа, ногдзинæдтæ дзы æрцыдис конд. Зонынц æй хъæубæстæ, кæй æмæ цæй фæрцы, уый. Администрацийы сæргълæууæг тырны, гæнæн кæм ис, уыцы программæты архайыныл. Æмæ нæ фæнды, цæмæй нæ сомбон абонæй рæсугъддæр уа, – загъта къамисы сæрдар.

– Алкæйы дæр фæнды, æгас Уæрæсейы дæр цæмæй цард фæхуыздæр уа, ууыл чи архайдзæн, ахæм адæймаг равзарын. Нæ адæм хорз кæд цæрдзысты? Хæсты хабæрттæ куы банцайой, быцæуддзинад хæстмæ куынæуал сайа, ахуыргæнджытæ, дохтыртæ хуызæнæн мызд куы исой, пенситæ цæрыны фаг куы суой, стæй, æхца æфстау исыны процент куы фæкъаддæр уа, уæд адæм сæ къахыл слæудзысты. Уый куыд фенæм, Хуыцау ахæм арфæ ракæнæд! – зæгъы хъæуы хистæртæй иу **Гайттаты Алыбег**.

Æвзарæн участокы баййæфтам, Фыййаджыбылæй сæрмагонд æфсæддон операцийы архайæг **Плиты Измаилы**. Зын бамбарæн нæу, цæуыл хъуыды кодта, хъæлæс кæнынмæ цæугæйæ, уый. Æвзæрстытæ ахицæн сты, адæм та, цард фæхуыздæры ныфсимæ, сæ æрвылбоны сагъæстыл архайынц.

**ХУЫБИАТЫ Ларисæ**

# Барад æмæ закъоны уаг нæ фехалгæйæ...

**Олгинскæ – Ирыстоны рагондæр æмæ кадджындæр хъæутæй иу. Ам Уæрæсейы Паддзахадон Думæйы фарæстæм равзæрсты депутаттæм æвзæрстыты алы хъуыддагæй дæр цæттæйæ сæмбæлд хъæуы иунæг 137-æм æвзарæн участок, йæ сæрдар – скъолайы директор КОЧЫСАТЫ Ларисæ. Æвзарæн участок фæлгонцгонд у æвзæрстыты цæстуынгæ æрмæгæй, сæ кæстæртимæ чи æрбацыд хъæлæс кæнынмæ, уыцы сабитæн ам уыдис сæрмагонд къуым. Уым сабитæн сæ бон у сæхи алыхуызон хъазæнтæй ирхæфсын, ахорæнтæ хъуаг алыхуызон нывтæ кърандæстæй саив кæнын æмæ афтæ дарддæр.**

Æвзарæн къамисы хъæлæс кæнын куыд цыд, уымæ сæ цæст дардтой блогертæ æмæ алы партиты минæвæрттæ. Уæдæ хъæлæс кæныны рæстæг цæмæй æгъдаухæлдтытæ ма 'рцæуа, уый та нæ ферох кодтой Уæрæсейы Национ гвардийы минæвæрттæ æмæ æртæ боны дæргъы сæ комкоммæ хæстæ æххæст кодтой æнтыстджынæй.

Фыццаг бонæй фæстæмæ æвзарджытæ къордтæ-къордтæй цыдысты хъæлæс кæнынмæ. Фыццаг хатт хъæлæс кæнынмæ чи æрбацыд, уыдонæн саккаг кодтой зæрдылдарæн лæвæрттæ. Царды ахсджиаг хъуыддагмæ фыццаг къахдзæф чи бакодта æмæ зæрдылдарæн лæвæрттæй дæр разыйæ чи баззад, уыцы бирæ фæсивæды 'хсæн уыдысты **Дзантиаты Радмилæ, Дзгойты Ларисæ, Касаты Арсен** æмæ бирæ æндæр фæсивæд.

Хъæубæстæй бирæ фæсивæд архайы сæрмагонд æфсæддон операцийы. Уыдонæй æвзæрстыты рæстæг сæхимæ кæй æрæййæфта: **Хадыхъаты Хетæг, Къынаттаты Олег, Цæллаггаты Альберт, Туаты Давид, Мамсыраты Мурат** æмæ иннæтæ дæр æрбацыдысты сæ граждайнаг барæй спайда кæнынмæ. Бирæтæ хъæлæс кæнынмæ цыдысты æнæхъæн бинонтæй. Мах уым куы уыдыстæм, уæд йæ граждайнаг хæс æххæст кæнынмæ **Уаниты Æмзор** æрбацыд йæ цардæмбалимæ. Фæстæдæр нæ фæлæууыдысты хъæуы ветерантæ дæр. Мах цур дзы схъæлæс кодтой педагогон фæллойы ветерантæ **Дзлиаты Азæ** æмæ **Дзуттæгаты Эльмæ**. Уыдон зæрдиаг арфæтæ ракодтой, бюллетенты ирон æвзагыл фыст кæй фæзынд, уый тыххæй йе 'рхъуыдыгæнæг æмæ йæ сæххæстгæнæгæн дæр.

Æвзæрстытæм хъæлæс кæнынмæ цы 85 проценты æрбацыд, уыдонæй разыйæ баззадысты участокы къамисы уæнгтæ æмæ æвзарджытæ дæр.

**Черменыхъæу...**

Мах ма æвзæрстыты æртыккаг бон бабæрæг кодтам Горæтгæрон районы Черменыхъæуы æвзарæн участоктæ дæр. Хъæуы сæргълæууæг **Æгкацаты Беллæ** нын куыд радзырдта, афтæмæй хъæуы хъæлæсгæнджытæ сты фондз минæй фылдæр. Ис дзы цыппар æвзарæн участокы. Уыдонæй æртæ сты Черменыхъæуы, иу та – Майскийы.

Черменыхъæуы Культурæйы артдзæсты æрбынат кодта 166-æм æвзарæн участок – йæ сæрдар **Хъуыссæты Индирæ**. Ацы участокы хъæлæсгæнджыты нымæц у 2410. Уыдонæй дыууæ бонмæ хæдзæртты схъæлæс кодтой 452 адæймаджы, участокы та – 926. Æртыккаг бон адæм цыдысты уæлдай фылдæр къордтæй, боны æртæ сахатмæ схъæлæс кодтой 1700 адæймаджы. Ацы участокы фыццаг хатт чи хъæлæс кодта, уыдон уыдысты 17, се 'ппæт дæр райстой зæрдылдарæн лæвæрттæ, се 'хсæн уыдысты, сæ фыдæлтæ сæрмагонд æфсæддон операцийы кæмæн архайынц, уыдоны кæстæртæ **Æгкацаты Сæрмæт** æмæ **Батрадз**.

***

165-æм участок та æрбынат кодта Черменыхъæуы æртыккæгæм скъолайы – йæ сæрдар **Замирæ Погорова**, хъæуы сывæллæтты æвдæм рæвдауæндоны разамонæг. Ацы æвзарæн участок дæр æххæст уыд алцæмæй дæр. Хистæртимæ цы сывæллæттæ æрбацыд, уыдонæн хиирхæфсæнтæй райдай æмæ шахмæтты стъолæй фæу – афтæмæй сæ рæстæг æрвыстой. Ам хъæлæсгæнджыты нымæц у 2100 адæймаджы, уыдонæй фыццаг хатт хъæлæсгæнджытæ та сты 51 æрыгон чызг æмæ лæппуйы. Фыццаг дыууæ бон æмæ æртыккаг боны æмбисмæ схъæлæс кодтой 1500 адæймаджы. Участокы нымадмæ гæсгæ, æртыккаг бон кæронмæ схъæлæс кодтой се 'взарджыты 90-93 проценты.

Иннæ участокты хуызæн ам дæр хъæлæс кæнынмæ цыдысты къордтæ-къордтæй, бирæтæ та æнæхъæн бинонтæй. Зæгъæм, **Мальсаговтæ Герихан** æмæ **Аинæ** сæ чызг **Айнаимæ** фыццаг хатт хъæлæс кæнынмæ семæ æрбакодтой Айнайы кæстæр хо **Рабияйы**. Зæрдылдарæн лæвæрттæ æмæ арфæтимæ уый райста йæ бинонты арфæтæ дæр.

Олгинскæ æмæ Черменыхъæуы дæр æвзæрстытæ ахицæн сты барад æмæ закъоны уаг иуран дæр нæ фехалгæйæ.

**КАСАТЫ Батрадз**

**Рагагъоммæйы хатдзæгтæ**

## Республикæйы Æвзарæн къамисы сæрдар Моргуаты Жаннæ хатдзæгтæ скодта Уæрæсейы Федерацийы Паддзахадон Думæйы фарæстæм равзæрст депутаттæм æмæ политикон партиты æвзæрстыты тыххæй:

## Къамисы 2 протоколы:

**Выборы депутатов Государственной Думы Федерального Собрания Российской Федерации девятого созыва**

20 сентября 2026 года

ПРОТОКОЛ № 1
окружной избирательной комиссии
о результатах выборов по одномандатному избирательному округу
Республика Северная Осетия – Алания – Северо-Осетинский одномандатный избирательный округ № 30

| | |
|---|---|
| Число территориальных избирательных комиссий, сформированных в одномандатном избирательном округе | 10 |
| Число протоколов № 1 территориальных избирательных комиссий об итогах голосования, на основании которых составлен протокол № 1 окружной избирательной комиссии о результатах выборов | 10 |
| Число избирательных участков в одномандатном избирательном округе, итоги голосования на которых были признаны недействительными | 0 |
| Суммарное число избирателей, включенных в списки избирателей по избирательным участкам, итоги голосования на которых были признаны недействительными, на момент окончания голосования | 0 |
| Приняли участие в выборах: | 85,38% |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 1 | Число избирателей, внесенных в списки избирателей на момент окончания голосования | 513277 | |
| 2 | Число избирательных бюллетеней, полученных участковыми избирательными комиссиями | 484918 | |
| 3 | Число избирательных бюллетеней, выданных избирателям, проголосовавшим досрочно | 0 | |
| 4 | Число избирательных бюллетеней, выданных в помещениях для голосования в день голосования | 342885 | |
| 5 | Число избирательных бюллетеней, выданных вне помещений для голосования в день голосования | 95365 | |
| 6 | Число погашенных избирательных бюллетеней | 46668 | |
| 7 | Число избирательных бюллетеней, содержащихся в переносных ящиках для голосования | 95365 | |
| 8 | Число избирательных бюллетеней, содержащихся в стационарных ящиках для голосования | 342878 | |
| 9 | Число недействительных избирательных бюллетеней | 3229 | |
| 10 | Число действительных избирательных бюллетеней | 435014 | |
| 11 | Число утраченных избирательных бюллетеней | 0 | |
| 12 | Число избирательных бюллетеней, не учтенных при получении | 0 | |
| 13 | Бестаев Сослан Вигентиевич | 26095 | 5,95% |
| 14 | Дудати Чермен Аланович | 12641 | 2,88% |
| 15 | Кучиев Алан Заурович | 22152 | 5,05% |
| 16 | Мамукаев Алан Сергеевич | 4781 | 1,09% |
| **17** | **Таймазов Артур Борисович** | **337248** | **76,95%** |
| 18 | Фидаров Таймураз Камболатович | 9530 | 2,17% |
| 19 | Хубулов Яков Юрьевич | 6294 | 1,44% |
| 20 | Цкаева Земфира Аслановна | 16273 | 3,71% |

| | | |
|---|---|---|
| Число избирателей, принявших участие в выборах | 438250 | 85,38% |
| Число избирателей, принявших участие в голосовании | 438243 | 85,38% |

**Выборы депутатов Государственной Думы Федерального Собрания Российской Федерации девятого созыва**

20 сентября 2026 года

ПРОТОКОЛ № 2
окружной избирательной комиссии
об итогах голосования по федеральному избирательному округу
на территории одномандатного избирательного округа
Республика Северная Осетия – Алания – Северо-Осетинский одномандатный избирательный округ № 30

| | |
|---|---|
| Число территориальных избирательных комиссий, сформированных в одномандатном избирательном округе | 10 |
| Число протоколов № 2 территориальных избирательных комиссий об итогах голосования, на основании которых составлен протокол № 2 окружной избирательной комиссии об итогах голосования | 10 |
| Число избирательных участков в одномандатном избирательном округе, итоги голосования на которых были признаны недействительными | 0 |
| Суммарное число избирателей, включенных в списки избирателей по избирательным участкам, итоги голосования на которых были признаны недействительными, на момент окончания голосования | 0 |
| Приняли участие в выборах: | 85,52% |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 1 | Число избирателей, внесенных в списки избирателей на момент окончания голосования | 513912 | |
| 2 | Число избирательных бюллетеней, полученных участковыми избирательными комиссиями | 484918 | |
| 3 | Число избирательных бюллетеней, выданных избирателям, проголосовавшим досрочно | 0 | |
| 4 | Число избирательных бюллетеней, выданных в помещениях для голосования в день голосования | 344087 | |
| 5 | Число избирательных бюллетеней, выданных вне помещений для голосования в день голосования | 95432 | |
| 6 | Число погашенных избирательных бюллетеней | 45399 | |
| 7 | Число избирательных бюллетеней, содержащихся в переносных ящиках для голосования | 95432 | |
| 8 | Число избирательных бюллетеней, содержащихся в стационарных ящиках для голосования | 344087 | |
| 9 | Число недействительных избирательных бюллетеней | 5413 | |
| 10 | Число действительных избирательных бюллетеней | 434106 | |
| 11 | Число утраченных избирательных бюллетеней | 0 | |
| 12 | Число избирательных бюллетеней, не учтенных при получении | 0 | |
| 13 | 1. Всероссийская политическая партия «ЕДИНАЯ РОССИЯ» | 286208 | 65,12% |
| 14 | 3. Политическая партия ЛДПР – Либерально-демократическая партия России | 31100 | 7,08% |
| 15 | 4. Политическая партия «Партия прямой демократии» | 1014 | 0,23% |
| 16 | 5. Политическая партия «Российская экологическая партия «ЗЕЛЁНЫЕ» | 1232 | 0,28% |
| 17 | 6. Социалистическая политическая партия СПРАВЕДЛИВАЯ РОССИЯ | 58665 | 13,35% |
| 18 | 7. ВСЕРОССИЙСКАЯ ПОЛИТИЧЕСКАЯ ПАРТИЯ «РОДИНА» | 1653 | 0,38% |
| 19 | 8. КПРФ – политическая партия КОММУНИСТИЧЕСКАЯ ПАРТИЯ РОССИЙСКОЙ ФЕДЕРАЦИИ | 28984 | 6,59% |
| 20 | 9. ПАРТИЯ ПЕНСИОНЕРОВ | 2056 | 0,47% |
| 21 | 10. Политическая партия КОММУНИСТИЧЕСКАЯ ПАРТИЯ КОММУНИСТЫ РОССИИ | 1103 | 0,25% |
| 22 | 11. Политическая партия «НОВЫЕ ЛЮДИ» | 22091 | 5,03% |

| | | |
|---|---|---|
| Число избирателей, принявших участие в выборах | 439519 | 85,52% |
| Число избирателей, принявших участие в голосовании | 439519 | 85,52% |

**Республикæйы Сæргълæууæджы тыххæй сæ хъуыдытæ зæгъынц:**

# Фидараты Таймураз, парти «Родина»-йы регионалон хайады сæрдар:



– Абон тынг ахсджиаг у нæ республикæйы фæтк æмæ сабыр уавæр бахъахъхъæнын æмæ афтæмæй размæ цæуын. Сергей Меняйлойы Цæгат Ирыстоны Сæргълæууæгæй кæй равзæрстой, уыцы хъуыддаг ахъаз фæуыдзæн, дарддæр нæ регионы рæзт æмæ паддзахадон программæты фæрцы цы проекттæ æххæстгонд цæуынц, уыдон кæронмæ ахæццæ кæнынæн. Сергей Меняйломæ æвуæнчы бæрзонд æмвæзадæн та æвдисæн у, нæ бæстæйы Президент Владимир Путин ын йæ кандидатурæ кæй бавдыста, уый. Уый хуымæтæджы бæрæггæнæн нæу, йæ профессионалон миниуджытæ æмæ куысты бæрæггæнæнтæ бахынцынæн.

Парти «Родина»-йы регионалон хайадæн бантыст нæ республикæйы разамындимæ хорз ахастдзинæдтæ саразын. Июлы нæ парти æнцой фæлæууыд, Цæгат Ирыстоны Сæргълæууæджы бынатмæ Сергей Меняйлойы кандидатурæ ракæныны развæлгъау мадзалы. Мах дарддæр дæр цæттæ стæм ног проекттæ æмæ регионы социалон-экономикон рæзты фарстатыл республикæйы разамындимæ æмгуыстадмæ. Уыимæ, ног æмгъуыд алкæддæр ног нысантæ, хæстæ æмæ бæрнондзинады рæстæг у. Республикæйы размæ лæууынц, экономикæ, инфраструктурæ, социалон къабазы рæзт æмæ æрыгон бинонтæн æххуыс кæныны фарстатæ. Ахсджиаг хъуыддаг у, цæмæй æппæт ацы къабæзтæм нывыл хъусдард цæуа. Уырны мæ, Сергей Меняйлойы куыст, йæ бирæ азты фæлтæрддзинад нæ республикæйы дарддæры рæзтæн ахадгæ кæй уыдзæн. Мæ зæрдæ йын зæгъы æнтыстдзинæдтæ æмæ йæ равзæрст нысантæ æппæт дæр сæххæст уæнт.

Зæрдыл æрлæууын кæндзыстæм, 20 сентябры РЦИ-Аланийы Парламенты депутаттæ нæ республикæйы Сæргълæууæгæй кæй равзæрстой Сергей Иваны фырт Меняйлойы.

# Едзойты Марат, РЦИ-Аланийы Парламенты депутат, парти «Иугонд Уæрæсе»-йы регионалон хайады секретары фыццаг хæдивæг




– «Иугонд Уæрæсе»-йы регионалон хайадæн Сергей Меняйло разамынд дæтты 2022 азæй фæстæмæ. Нæ республикæйы Сæргълæууæджы бынатмæ йын йæ кандидатурæ бавдисын Уæрæсейы Федерацийы Президентæн бацамыдта Генералон Президиумы партийы совет.

РЦИ-Аланийы Сæргълæууæгæй йæ равзарын закъоны бындурыл раст уыдис. Сергей Иваны фырты архайд арæзт у, нæ республикæйы адæмы цардæн хæрзхъæд уавæртæ саразынæн. Кæй зæгъын æй хъæуы, хуымæтæг рæстæджы йæм не 'рхаудысты уыцы хъуыддæгтæ, сæрмагонд æфсæддон операци цæуы æмæ Сергей Меняйло не 'фсæддонтæн бирæ æххуыс кæны, зæрдæ æмæ удæй риссы алкæуыл дæр, чи æрыздæхы нæхимæ, уыдонæн та куысты бынæттæ ссарыныл архайы. Мæ зæрдæ дарын, дарддæр дæр йæ нысантæ æмæ фæндтæ баст кæй уыдзысты нæ республикæйы социалон-экономикон рæзтимæ æмæ стыр ахадындзинад кæмæн ис, уыцы проекттæ æххæст кæныны фарстатимæ.

Разамынды къабазы Сергей Меняйлойы хъæздыг фæлтæрддзинад æмæ федералон центры йæ кад бæрзонд сты, æмæ йын ахъаз уыдзысты нæ республикæйы Сæргълæууæджы бынаты дæр. Парти «Иугонд Уæрæсе»-йы регионалон хайад, æппæт депутатты корпус цæттæ сты, Сергей Меняйлойы разамындæй иугонд командæйæ кусынмæ. Дарддæр архайдзыстæм, нæ республикæйы цæрджыты ныстуанты бындурыл нæ парти цы Адæмон программæтæ саразта, уыдон æххæст кæныныл.

**САУТÆТЫ Тамилæ**

Ирон адæмы динон уырнынад

# Фыдæлты фæд

**Ирон адæймагæн йæ алы ми, йæ алы сныхас дæр æгъдауимæ баст уыдысты, хъуыды сæ æвæрд уыд, æмæ дзы бирæ цыдæртæ ферох кодтам. Уый фыдæй æрвылбон дæр кæрæдзи рафæрс-бафæрс кæнæм, иу кæнæ иннæ 'гъдау куыд растдæр кæнгæ у, зæгъгæ. Фæрсын та хорз у. Чи фæрсы, уый зоны. Фæрсджытæй æз дæр иу дæн, æмæ мын базонын цы бантыст, уыдон рæгъмæ хæссын. Кæд дзы исты бынтон раст æмæ æххæстæй нæ уа, уæд æй мæнæй хуыздæр æмæ растдæр чидæриддæр зоны, уыдонæй рагацау хатыр курын.**



Æз фыдæбон кæнын, фæсивæдыл хъуыды кæнгæйæ. Уыдонæн сæ дуг æндæр у, æмæ сæ цардыл ирон æгъдæуттæ хуыздæр куыд сфидаудзысты, ууыл архайдтон, сæ нысан, сæ мидис сын бахъахъхъæнгæйæ.

Ирон æгъдæуттæ ма 'суанг ссæдзæм æнусы куыд парахатæй, бирæвæрсыгæй кодтой, уымæн абоны фадæттæ æмæ царды цыды бынат нал ис. Зæгъæм, чындзхаст æнæхъæн спектакль уыд: минæвæрттæй райдай æмæ фыццаг æхсæвæй фæу. Дыууæ бинонтæ, чызг æмæ лæппу, къухылхæцæг æмæ æмдзуарджыниу цы алыхуызон æгъдæутты уавæрты бахаудысты, уыдон ма абон иууылдæр чи кæны. Æгæр ницæмæй уал бæззы. Уый домы рæстæг, афтæ фæнды абоны ног фæлтæрты. Царды тагъд цыды сæм бирæ хъуыддæгтæ кæнын кæсы.

Нал фидауы æгæр фынджы бадты дæр — йæ ныддæргъвæтин кæнын æй æгадмæ тæры. Ныры дуджы алцыдæр бæрцæй фидауы, суанг æгъдау дæр. Æрмæст ын йæ сæйраг хъуыды бахъахъхъæн, йе срæсугъд, саив æмæ фæмидисджындæр кæнынæн та дæ зонындзинæдтæ æмæ зæрдæргъæвддзинад ма бахæлæг кæн.

Ирон адæймагæн йæ рацыд, йе сныхас, йæ алы мийы дæр æгъдау уыд. Зæгъæм, кæстæр хистæры разæй, сылгоймаг нæлгоймаджы разæй нæ хызт. Дæ фæндаг дын ничи алыг кодтаид, дыууæ адæймаджы 'хсæнты ничи ахызтаид, дыууæ дзурæджы 'хсæн ничи балæууыдаид, цалынмæ-иу дзырд фесты, уæдмæ, дæ ныхас дын ничи баурæдтаид, цалынмæ дæ хъуыды кæронмæ нæ загътаис, уæдмæ. Къæсæрыл бадын нæ, фæлæ йæ сæрты ныхас кæнын дæр нæ фæтчыд. Цæугæ-цæуын хæргæ никæй федтаис.

Ирон адæймаг, фыццаджыдæр, æфсæрмы кодта йæхицæй, нымд кодта хистæртæй, сылгоймаг — нæлгоймæгтæй, нæлгоймаг — сылгоймæгтæй. Табуйаг ын уыдысты æмæ сты Стыр Хуыцау, зæдтæ æмæ дауджытæ. Иудадзыг æм афтæ кæсы, цыма йын йæ алы ми дæр уынынц, æмæ йыл дзы цæмæй макæй зæрдæ фæхуда, ууыл архайы. Йæ хъуыдыкæнынад уый бæрц уæрæх, парахат у, æмæ æххæссы дундунейыл дæр. Уæлæрвтæм хæццæ кæны йæ дунеæмбарынад, æмæ йын сты авд уæларвы. Æвдæм уæларвы цæры Дунескæнæг Иунæг Стыр Хуыцау.

Хуыцау иу кæй у, уый тынг раджы – дæсгай мин азты размæ банкъардтой, базыдтой ирон адæм, æмæ йæм кувынц табугæнгæ, худаистæй лæугæйæ, нымдгæнгæ. Сæхи йыл фæдзæхсынц кæмфæнды дæр: хæдзары уа, фæндагыл, быдыры уа, хæхбæсты, кувæндоны бын уа, куысты уæлхъус. Суанг хæрды размæ дæр, Хуыцау, баххуыс кæн, зæгъгæ, ма зæгъой, уый вæййы стæм хатт.

Нымайынц æй се сфæлдисæгыл. Уый нæ, фæлæ ма дуне æмæ суанг зæдтæ æмæ дауджыты сфæлдисæгыл дæр. Ирон адæм Стыр Хуыцауæй тæрсгæ нæ кæнынц, исчи дæр ма йæ радтæгæй тæрсы! Тæрсынц йæ фыдæхæй. Уый та расайы æгæнон ми æмæ фыдракæнд, æмæ сæхи хизынц ахæм митæй – Стыр Хуыцауы фыдæхæй.

Зæдтæ æмæ дауджытæ сты Стыр Хуыцауы æххуысгæнджытæ, æмæ уыдоныл дæр ирон адæм сæхи фæдзæхсынц, нымдгæнгæ сæм кувынц. Уæлдай арфæйагдæр сын у Уастырджи. Уый æдзухдæр ис æвдæм уæларвы Стыр Хуыцауы фарсмæ. Ирон адæм æй хонынц Хуыцау æмæ се 'хсæн дыууæрдæм минæвар. Фæдзæхсынц ыл сæ кæстæрты, сæ бæлццæтты, сæ рынчынты, сæ хорз хъуыддæгтæ.

Ирон динон уырнынадмæ гæсгæ зæххыл ис хæлар æмæ хæрам æбæрæг тыхтæ. Хæлардзинад зæххыл тауынц Стыр Хуыцау æмæ зæдтæ. Хæрамдзинад адæмыл æфтауынц хæйрæджытæ, зинтæ æмæ дæлимонтæ. Хæлар æмæ хæрам тыхты 'хсæн сты бардуæгтæ. Æмæ, цæмæй æдзухдæр хæлар тыхты фарс хæцой, ууыл иудадзыг архайын сæ хæсыл нымайынц ирон адæм. Сæ зæрдæтæ балхæныны тыххæй сын Ирыстоны сыгъдæгдæр бынæтты саразтой кувæндæттæ, ис сын сæрмагонд бæрæгбæттæ. Кувынц сæм нымдгæнгæ, сæхи сыл фæдзæхсынц. Уæлдайдæр та – Бынаты бардуагыл, хицауыл.

Ирон адæмæй рох не сты хæрам тыхтæ дæр. Сæхи сæ хъахъхъæнынц, цæмæй сæ зæрдæйы хъыджы ма бацæуой, ууыл архайынц, былдауæн сын кæнынц. Кувгæ сæм нæ кæнынц, бæрæгбæттæ сын нæй. Уæлдæр æй куы загътон, нæ фыдæлты динон уырнынадмæ гæсгæ дун-дунейы ис Авд уæларвы, Зæххы бын та — Авд дæлдзæхы. Уæлæрвты цæрынц зæдтæ, Стыр Хуыцауы æххуысгæнджытæ, зæххыл — бардуæгтæ, дæлдзæхты та — хæрам тыхтæ: хæйрæджытæ, зинтæ, дзинкъуыртæ, дæлимонтæ. Дæлимонтæ сты æвдæм дæлдзæхы, æмæ сын уæлзæхмæ ис æрмæстдæр иу схизæн – Сечъы лæгæты. Æлгъыст «Авд дæлдзæхы ныххауæд» дæр аххосджыны хауын кæны дæлимонтæм.

Цыдæриддæр хæрам тыхтæ ис, уыдон сæ кæнон кæнынц дыууæ изæры астæуæй боны цъæхтæм — талынджы. Хæйрæджытæ, дам, адæмимæ цардысты, уыдис сын боныгон дæр сæхи равдисыны фадат, – зæгъы ирон æмбисонд. Фæлæ адæмы рæстæй цæрын нæ уагътой, сæ фыдæбоны бæркад сын сайдтой. Æмæ сæ уæд Хуыцау фæтары кодта, æмæ ма сын сæхи равдисæн ис æрмæстдæр талынджы. Сæ фыдракæнд дæр уæд кæнынц.

Ацы æмбисонд дæр дзуры, Стыр Хуыцау йе сфæлдыст адæмы куыд хъахъхъæны, куыд сыл ауды, хæрам тыхтæй сæ кæй хизы, ууыл. Æмæ йæм уыцы зæрдæ дарынц ирон адæм дæр. Табугæнгæйæ йын сæхи нывонд кæнынц, йе сконд зæдтæ æмæ дауджытыл сæхи фæдзæхсынц.

Ирон адæм Хуыцауы сконд сты, æмæ искæй бафхæрын нæ, фæлæ зæрдæхудтæй дæр сæхи хъахъхъæнынц. Уымæй никæцы дины ныхмæ сты, цард, дун-дуне чи куыд æмбары, йæ фыдæлты æгъдæуттæн, дунеæмбарынадæн чи куыд аргъ кæны, уый йæхи бар у. Æрмæст хъыгдаргæ макæй кæн.

Хуыцау адæмы æмсæр æмсарæй сфæлдыста, иууылдæр йæ хъæбултæ сты, æмæ сæ æмхуызон уарзы, уæлдæр дзы никæй æвæры — ахæм хъуыдыйыл хæст у ирон адæймаг. Æцæг ма, дам, мады гуыбыны дæр хъулæттæ куы вæййы, æмæ алчи уыцы рæстдзинадæн раст аргъ нæ кæны. Иннæ ахæм. Хуыцау адæймагæн цард радта, æмæ йын йæ байсыны бар никæмæн ис. Æрмæстдæр Хуыцауæн! Гъе уыцы цæстæнгас дары ирон адæймаг цæрæгойтæм дæр — мæлдзыджыты губакк фехалынмæ дæр йæ къух нæ тасы, æрдзæн фыдбылыз ракæнын йæ зæрдæ нæ комы. Кусарт куы фæкæны кæнæ куы фергæвды, уæд та Хуыцауæй хатыр ракуры, йæ къухмæ кард кæй райста, уый тыххæй.

Æппæт уыцы дунеæмбарынад, зондахаст æмæ адæймагдзинады 'нкъарæнтыл æнцой кæнынц ирон æгъдæуттæ. Уыдон ирон адæймагимæ æмдзу кæнынц йæ райгуырдæй йæ ныгæнæн боны онг. Уыдон сты ирон ирон цæмæй у, уый, фыдæлты фарн, ирон царды ратæдзæнтæ, рахæцæнтæ, æмæ æнæ ирон æвзаг фидаугæ нæ, фæлæ сын сæ мидисæн райхалæн дæр нæй. Уый хъомысæй цæрынц мингай азты æмæ 'рхæццæ сты махмæ. Махæн та нæ хæс у фидæны фæлтæртæм сæ адæттын.

**ЦГЪОЙТЫ Хазбийы чиныг «Ирон царды æгъдæуттæ»**

Нæ интервьютæ

# Æрдзыл аудын хъæуы

**24 азы рацыд, Хъæрмæдоны Хъолайы цъити нын стыр фыдбæллæхтæ куы ракодта, ууыл, фæлæ зæрдæйы рыст нæ къаддæр кæны. Æрдз рæсугъд куыд у, уымæй къаддæр нæу йæ фыдбылыз дæр. Æмæ йыл куы нæ аудай, йæ бахъахъхъæнынæн ахадгæ мадзæлттæ куы нæ аразай, уæд дыл иу хатт йæ фыдæх, æнæмæнг, æрцæудзæн. Куыд у абон уавæр æмæ цы арæзт цæуы? Уый фæдыл ныхас кæнæм техникон зонæдты доктор, профессор, Уæрæсейы сгуыхт эколог ÆЛБОРТЫ Иванимæ.**



**– Иван, куыд зонæм, афтæмæй цъитийы уавæрмæ цæстдард цыди кæддæриддæр. Уæдæ ма 2002 азы ахæм стыр трагеди куыдæй æрцыд, цæй фæдыл фесæфт уыййас адæм? Фæстаг рæстæг та йæ кой сарæх, цыма, дам, цъити ног ихцъар æвæры æмæ йын ратонынæй тас у. Æцæгдæр афтæ у?**

– Кæддæриддæр æм цæстдард цыди, зæгъгæ, уый бынтон раст нæу. Уыцы фыдбылыз куы æрцыд, уый размæ бирæ азты дæргъы, суанг 1992-2002 азтæм, мæнæ мониторинг, ома, цъитийы уавæр иртасынæй пайдагонд нал цыди. Цæдис куы ныппырх, уæд фесæфтысты бирæ хæзнатæ, бæстæ змæст уыд, хъусдард ницæмæуал цыди, афоныл æй нæ базыдтам, æмæ æрцыд ахæм бæллæх. Цъитийæн та йæ хъуыддаг афтæ у, æмæ рæстæгæй-рæстæгмæ бамбырд вæййы æмæ йын иухатт æнæ ракæлгæ нæй. Ныр уавæр аивта. Дзæуджыхъæуы геофизикон институт хæхтыл сæвæрдта датчиктæ æмæ цъититы змæлдмæ сæ хъус дарынц. Уыцы датчиктæ хæхты уавæр бæлвырдæй æвдисынц институты æвæрд экраныл. Гыццыл дæр фезмæлыд, уæд уайтагъд фæдисы сигнал раттынц центрмæ. Институтæн разамынд дæтты физикон-математикон наукæты доктор, профессор Владислав Заалишвили.

Ацы трагедийæн йæ аххосæгты кой куы кæнæм, уæд абоны онг дæр бынтон бæлвырд не сты, ахуыргæндтæ иу хъуыдымæ нæ цæуынц. Дунейыл бирæ цъититæ ис, уыимæ — Кавказы дæр, фæлæ æдзух тайгæ кæнынц æмæ сæ гуырахст нæ фылдæр кæны. Фæлæ Хъолайы цъитийыл та мит нæ тайы, хъæпæн ыл сæвæры æмæ дзы уæлкъæсæры хуызæн рауайы. Уый стырæй-стырдæр кæны. Йæ быны ма ис газ æмæ дон дæр, æмæ йæ уæз куы нал фæуромы, бынæй газ куы сабухы, уæд ын æнæ ракæлгæ нæ вæййы. Йæ уаргъæй хъуамæ ссæрибар уа. Афтæ рауади ныр дæр. Ацы цъити ма тæссаг уымæй у, æмæ йæ уæлцъар кæны змæлгæ, хонынц ма йæ зыр-зыргæнаг цъити дæр. Ацы трагеди чи иртасы уыцы академиктæ, геофизиктæ, геологтæ 2014 азы рауагътой иумæйаг монографи «Ледник Колка: вчера, сегодня, завтра», æрмæст иртасæнты автортæ уæддæр иу хъуыдымæ не 'рцыдысты. Фæлæ дзы ацы цаумæ алкæмæн дæр кæд йæхи цæстæнгас ис, уæддæр се 'ппæты иртасæнтæ дæр здæхт сты иу нысанмæ: Хъола та ногæй сызмæлдзæн. Фæлæ хъуыддаг уый мидæг ис, æмæ кæд уыдзæн, уый бæлвырд ничи зæгъы...

**– Бæрæг куыд у, афтæмæй æрæджы мæскуыйаг специалисттæ — се 'хсæн Сергей Черноморец æрцыдысты Хъолайы цъитийы уавæр раиртасынмæ æмæ йæ вертолетыл бабæрæг кодтой. Сæ балцы сæр уыд ихын тæлмы уавæр раитасын, тæссагдзинæдтæ рабæрæг кæнын. Уыцы куыстытæ кæд нæхи ахуыргæндтæ кæнынц, уæд ма уæлæмхасæн мадзæлттæ райсыны сæр цæмæн бахъуыд? Æви уавæр æвзæрдæр фæцис?**

— Уæлæмхасæн мадзæлттæ баст сты уавæр хуыздæр раиртасынæн. Иугæр ахæм стыр трагеди æрцыд, уæд Мæскуы ссардта уæлæмхасæн фæрæзтæ, цæмæй цъитийы тæссагдзинады къæпхæн ноджы хуыздæр раиртасой, мæнæ, куыд фæзæгъынц, фидары мад, дам, нæ куыдта, фæлæ ма уыдон дæр махæй уæлдай цы сарæзтой. Цы экспертизæтæ дзы скодтой, уыдон хæстæгдæр рæстæг амынд æрцæудзысты сæрмагонд документты. Фæлæ донæн йæ раивылд зоны, йæ фарсмæ чи цæры, уый. Не 'намонддзинадыл нæхи хуызæн никæйы зæрдæ фæрисдзæн, уымæн æмæ ахæм фыдбылызты бахауынц нæ зонгæтæ, нæ къабæзтæ.

**– Ацы фæстаг рæстæг ныхас арæх цæуы, уыцы трагедийы цы адæм фæмард, уыдоны стджытыл бирæтæ базар кæй скодтой, ууыл. Монумент сын кæм ис, уым райтыгътой сæ уæййæгтæ. Дæумæ гæсгæ, уый раст у?**

— Нæй уыцы хъуыддагæн дарддæр быхсæн. Махæн нæ хæс у, туристон амалхъомадæн культурон тыгъдад саразын, æдасдзинады мадзæлттæ сын скæнын. Фæлæ ис уд сыгъдæггæнæн бынæттæ, кувæндæттæ, некропольтæ, кæцытæн хъæуы табу кæнын. Цыфæнды стыр æхцатæ дæр уыцы уаз бынæтæй уæлдæр æвæрæн нæй. Уымæ гæсгæ, зæйласты амæттæгты æнусон бынат махæн у табуйаг. Уæд ын туристтæ дæр кæндзысты фылдæр аргъ æмæ кад. Нæй адæмы стджытыл æхца кусæн. Туристон амалхъомадæн ис æндæр бынæттæ. Уыдæттæ бæрæг кæныны тыххæй та хъæуы туристты бартæ хъахъхъæнæг инспекци.

**– Уæддæр цы саразын хъæуы, цæмæй ахæм трагеди мауал æрцæуа?**

— Хъолайы цъитийы раивылд йæхи базонын кæны йе знæт, карз равгæй. Ногдæр историйы æрцыд æртæ раивылды. Фыццаг уыд 1902 азы, июлы. Уæд ихы тыхджын раивылд йæ разæй ахаста 36 адæймаджы, бæстыхæйттæ, фос... Дыккаг хатт — 1969 азы Хъолайы цъити ногæй сæнкъуысыд, фæлæ йæ рæстæгыл базыдтой æмæ цæрджыты æдас ранмæ ракодтой. Уый руаджы хъыгдард ничи баййæфта. Æртыккаг хатт цъити раивылд 2002 азы, сентябры. Уæд ихы егъау лæсæн, йæ бæрц — 21 милуан кубометры, афтæмæй бынтондæр фехæлдта æппæт инфраструктурæ, фæмард бирæ адæм.



Мæ хъуыдымæ гæсгæ, æппынæдзух хъуамæ цъитимæ цæстдард уа, бæрæг æй кæной наукон экспедицитæ æмæ æнæсцухæй хæхтыл æвæрд датчиктæм сæ хъус дарой. Хъуамæ йæ алы «улæфт» дæр бæрæг уа. Ныртæккæ Хъола æвæры ног цъар, йæ гуырахст размæ ранцади 30 — 40 метры бæрц, фæлæ, фыдбылыз куы 'рцыд, уæд йæ уæз цас уыди, уый онг нæма бахæццæ. Уымæ гæсгæ йын ракæлынæй тас нæма у. Фæлæ уый нæ нысан кæны, æмæ йæ бæрæг кæнын нæ хъæуы. Арæх æм атæхынц вертолетыл, бакæсынц æм уæлейæ, Майлийы цъитийы 'рдыгæй. Йе змæлд та йын æппынæдзух бæрæг кæнынц датчиктæ. Æнæуый дæр, цы гуырахст æмбырд кæны, уый алы рæстæджыты алыхуызон у. Ахуыргæндты хъуыдымæ гæсгæ, хæстæгдæр азты зæй рацæуынæй тас нæу.

**– Мæнмæ гæсгæ, адæм æрдзыл, экологийыл нал аудынц, æмæ нæ уый дæр ахæм хуызы йæ маст исы.**

— Дунеон практикæ куыд амоны, афтæмæй нæ алфамбылай экологон уавæр цас æвзæрдæр уа, уыййас уæз цæуы бюджетыл дæр. Уыцы чъизи уæлдæф, дæттæ, вибраци, магнитон быдыр æвзæрын кæнынц бирæ алыхуызон низтæ, уыдоны тыххæй та паддзахад рахицæн кæны уæлæмхасæн фæрæзтæ. Уымæ гæсгæ, хъæуы республикæйы территорийыл, тæссаг уавæртæ бæрæг кæм цæуой, ахæм картæ скæнын. Зæгъæм, зæххы уæлцъар чъизидæр кæм у, зæй рацæуæнтæ кæм сты, цæугæдæттæн раивылынæй тæссаг кæм у, уыдон дзы бæрæг куыд уой, ома, тæссагдзинады æмвæзад чи æвдиса, ахæм картæ. Схонæн ма йæ ис кадастрон картæ дæр. Кæй ранымадтон, уыдонæй алкæцыйæн дæр ис йæхи специалисттæ æмæ, сæ тыхтæ иумæ баиу кæнгæйæ, хъуамæ бацæттæ кæникко ахæм картæ. Уымæ гæсгæ, адæм зоникко тæссаг бынæттæ, æмæ сæхи фыдбылызæй хизикко, зæххы аргъ дæр ахæм «рынчын» бынæтты уаид къаддæр.

**– Стыр бузныг, Иван, дæ мидисджын дзуаппытæй, нæ адæм та кæддæриддæр æнæфыдбылыз æмæ Хуыцауы фæдзæхст уæнт.**

**Ныхас кодта ДЖУСОЙТЫ Нинæ**

Культурæ

# «Музыкалон кинойы истори»

**Дзæуджыхъæуы Кинойы хæдзары «Рухстауæг сесси «Музыкалон кинойы истори»-йы фæлгæты 21-26 сентябрмæ æвдыст цæудзысты таурæгъон кинонывтæ – дунеон, советон æмæ уæрæсейаг музыкалон кинотæ. Киноиртасæг, аивадиртасынады кандидат Юлия ВИНАР, ВГИК-ы киноаивад æмæ киноахуырады аналитикон хайады наукон кусæг фембæлдзæн республикæйы цæрджытимæ, бакæсдзæн лекцитæ.**



Знон, киноаивадмæ йæ хъус чи дары, уыдонæн фадат уыд режиссертæ Джин Келли æмæ Стенли Донены ист мюзиклмæ «Поющие под дождем»-мæ бакæсын. Таурæгъон кинонывы сты бродвейаг алыхуызон шоутæн фыст зарджытæ. Абон та Кинойы хæдзары уаздзжытæн равдисдзысты иннæ таурæгъон мюзикл «Вестсайдская история»- йы, музыкæ йæм ныффыста композитор Леонард Бернстайн, æмдзæвгæтæ – Стивен Сондхайм, кæфтытæ сæвæрдта Джером Роббинс. Мюзиклы Шекспиры трагеди «Ромео и Джульетта»-йы сюжет хаст æрцыд Нью-Йорчы 50-æм азтæм. Киноныв 10 хатты хорзæхджын æрцыд «Оскар»-ы премийæ. Милош Форманы ‘фсæддон мюзикл «Волосы» райста премии номинаци «Золотой глобус», стæй «Сезар»- ы преми, куыд хуыздæр киноныв фæсарæйнаг æвзагыл. Ирыстойнаг киноуарзджытæн уыдзæн фадат италиаг режиссер Франко Дзефиреллийы «Травиатæ»-мæ бакæсынæн, систа йæ Джузеппе Вердийы операмæ гæсгæ.

Ирон аивад чи уарзы, уыдон уæлдай зынаргъ у не ‘мзæххон актерты аивад. Цымыдисæй бакæсдзысты режиссер Роман Тихомировы музыкалон драмæ «Князь Игорь»-мæ, Александр Бородины уырыссаг эпос «Слово о полку Игореве»-мæ гæсгæ фыст оперæмæ. Кинонывы хъазынц, Уататы Бимболат æмæ Моргуаты Иветæ.

Кинойы музыкалон жанры райрæзт уыцы иу рæстæг цыд советон æмæ уæрæсейаг, стæй европæйаг киноаивады дæр. Ивгъуыд æнусы 50-æм азты кинолентыл систой Вердийы «Травиата» йæ кæлæнгæнæг музыкæ, диссаджы архайд æмæ костюмтимæ. Советон кинематографийы райгуырдысты ахæм кинонывтæ, куыд «Борис Годунов» æмæ «Иоланта». Æвæджиау ирд жанры райгуырдысты оперæ, опереттæтæ æмæ резе – кинотæ, уыдонимæ, музыкалон кинонывтæ «Волга – Волга», «Карнавал», «Версальская история», оперæ «Иисус Христос – суперзвезда», «Кошки». Уыцы жанрæй фæхайджын ирон кино дæр, 1967 азы режиссер Иоким Шароев Цæгæраты Максим æмæ Юрий Чуликины сценарийыл Цæгат Ирыстоны телевизион студийы фыццаг аивадон музыкалон киноныв «Возвращение Коста» куы систа, уæд.




Советон телевизион музыкалон киноныв «Бумбараш» экрантæм рацыд 1972 азы, ист æрцыд Довженкойы номыл киностудийы, йæ режиссертæ – Николай Рашеев æмæ Абрам Народицкий. Киноныв ист у Аркадий Гайдары æмном повестьмæ гæсгæ, сценарийы автор – Евгений Митько, музыкæ йын ныффыста Владимир Дашкевич, зарджыты ныхæстæ – Юлий Ким, сæ фылдæр сын азарыд кинонывы сæйраг хъайтар, Бумбарашы ролы чи ахъазыд, уыцы актер Валери Золотухин. Ирыстойнаг музыкалон киноаивад уарзджытæн æцæг сфæлдыстадон лæвар ракодта Кинематографистты цæдисы цæгатирыстойнаг хайады правленийы Сæрдар Чъерджиаты Индирæ, Уæрæсейы Кинематографистты цæдисимæ æмцегады фæлгæты.

Кинонывтæм чи кæса, уыдонæн ис фадат Юлия Винеримæ аныхас кæнын, фæрстытæ йæм раттын. Зындгонд рухстауæг æмæ киноиртасæг сын цæттæ у дзуапп раттынмæ. Бафиппайын хъæуы уый дæр, æмæ, аивадуарзджытæн сарæзт бæрæгбонмæ бацæуæггаг кæй у лæвар. Фембæлдты райдиан æрвылбон – 13 сахатыл.

**ХУЫБИАТЫ Ларисæ**

Нацпроект

# Æрхонкæйы рынчындоны – ног аппарат

**Национ проект «Дæргъвæтин æмæ активон цард»-мæ гæсгæ Æрхонкæйы рынчындоны скуыста ног рентген-аппарат.**

**– Горæтгæрон районæн йæ галиу фарс цы хъæутæ ис, уыдон цæрджыты 35 мин адæймаджы цæры, се ‘нæниздзинад нывыл уагыл цæмæй уа, уымæн лæггад кæны нæ рынчындон. Рентген-аппарат кæй скуыста, уый хуыздæры ‘рдæм фæзындзæн низ цыбыр æмгъуыдмæ рабæрæг кæныны хъуыддаджы, – зæгъы рынчындоны сæйраг дохтыр Текъойты Владимир.**



**Нырыккон цифрон рентген иртæстыты аппарат рынчындоны нæ уыд, дзæбæхгæнæндон бындурон цалцæг куы ‘рцыд, уæдæй нырмæ. Рентген скæнынмæ-иу бынæттон дохтырты станицæйы рынчынты хъуыд Дзæуджыхъæумæ, Тагъд æххуысы клиникон рынчындонмæ ‘рвитын. Горæтгæрон районæн йæ галиуварс цы хъæутæ ис, уыдонимæ, хохаг хъæуты цæрджыты та – Октябрыхъæуы центрон рынчындонмæ. Программæйы фæрцы хъуыддаг кæй сырæзт, уый фадат ратдзæн рентген хуызистытæ бынæттон рынчындоны кæнын. Уыцы хæс æвæрд ис фæлтæрдджын дохтыр – рентгенолог Дудиаты Мæдинæ æмæ, йæ куысты бирæ азты чи лæггад кæны адæмæн, уыцы рентген-лаборант Наташа Халинайыл.**



**Нырыккон домæнты аккаг ног цифрон рентген-аппарат кæй скуыста рынчындоны, уый фадат ратдзæн низ бæрæг кæныны æмгъуыд фæцыбырдæр кæнынæн, адæмæн та – æнцонвадат медицинон æххуыс исынæн.**

***ХÆНЫКЪАТЫ Ларисæ***

Раздæры цард æмæ абон

# Мæ зæрдæ ис Куырттаты комы

**Æз дæн Дзуццаты Ирæ, цæрын Дзæуджыхъæуы. Газетмæ ‘рбацыдтæн мæ царды хабæрттæ радзурынмæ. Раздæр цардтæн Куырттаты комы Гуысырайы хъæуы. Уæды рæстæг-иу тынг æвзæр миттæ рауарыд æмæ стыр къæвдатæ дæр. Къæвда дон-иу хидтæ аласта, æмæ нæм уазджытæ куы уыд, уæд-иу махмæ баззадысты къуыригæйттæ, мæйгæйттæ, цалынмæ-иу хидтæ ногæй рацарæзтой, уæдмæ.**

Нæ мад Дзыгуыра тынг цингæнаг уыди, æмæ-иу сын сæ цъындатæ, сæ дзабыртæ ныхсадта æмæ сæвæрдта хурварс.

Иу хатт нын нæ хæдзар дæр тыхджын къæвдайы фæстæ дон аласта, æмæ мæ фыд Хъæсболат ногæй хæдзар сарæзта. Йæхæдæг иунæгæй дæсны уыд къухæй, къултæ-иу æлыгæй байсæрста, сыхæгтæ дæр-иу ын æххуыс кодтой, æмæ-иу нæ бинонтæ уарзонæй, фæрнæй хъарм хæдзары цардысты. Уæды адæм æндæр уыдысты, уарзондæр...

Нæ бинонтæ уыдысты – мад Дзыгуыра, фыд Хъæсболат, стæй мах дыууæ хойæ: Зарæ æмæ Ирæ. Уыдыстæм уазæгджын, адæмæн аджын æмæ хъæубæстæн уарзон. Бирæ адæмтæ нæм цыди канд Ирыстонæй нæ, фæлæ Хуссарæй, Уырысæй дæр, базартæ чи кодта, фæндæгтыл-иу чи баззад, стæй, фос чи хызта, ахæм бирæ алыхуызон адæмтæ.

Ныртæккæ Карцайы бирæ адæм цæры: Есиатæ, Датитæ, Дзугатæ, Бæгъиатæ, Цопанатæ, Джыгкайтæ, Плитæ, Годжиатæ, Хестантæ...

Гуысырайы ма цæрынц Хæдарцатæ, раздæр та дзы цардысты Дзодзыккатæ, Быгъуылтæ, Дзуццатæ, стæй уырыссæгтæ Силеровтæ, Кровцовтæ... Хъæды куыст кодтой, хъæдтæ ластой æмæ дзы фæйнæг уагътой хырхæй фадæнты.

Фæстæдæр цæрджытæй сæ фылдæр горæтмæ рацыдысты, фæлæ уæддæр сæ уарзон хъæубæстæмæ Карцамæ арæх цыдысты алы аз дæр, æмæ ма абон дæр æрбацæуынц. Хъæубæстæ уыдысты æнгом, иу бинонты цард фæкодтам. Нæ бæрæгбæттæ, нæ алы хабар дæр уыдысты иумæйаг. Ныртæккæ дæр, кæд Дзæуджыхъæуы цæрын, уæддæр мæ зæрдæ уым ис, Куырттаты комы Гуысырайы.

**ДЗУЦЦАТЫ Ирæ,**
**Дзæуджыхъæу**


## РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ

**Газет "Рæстдзинад"**

хицæн адæймæгтæ, куыстуæттæ, кооперативтæ, алыхуызон фирмæтæ, кинотеатртæ, клубтæ æмæ салонтæй асламдæр æргътæй исы алыхуызон хъусынгæнинæгтæ — бæрæгбæттæ, куывдтæ, чындзæхсæвтæ æмæ райгуырæн бонты фæдыл арфæтæ, тæфæрфæстæ, мысæн бонты æрмæджытæ, рекламæ, уыимæ — газеты радон, науæд та хæстæгдæр номыртæм.

**КУСГÆ БОНТÆ** — къуырисæр, дыццæг, æртыццæг, цыппæрæм, майрæмбон (9 сахатæй 18 сахатмæ).

**25-67-03**

**Профессиональная обрезка плодовых культур.
Научно обоснованные консультации по подкормке растений конским перегноем.
Тел.:
8-928-856-90-89;
8-928-856-90-83 (Руслан).**

**Покраска ворот компрессором, не снимая ворот.
Тел.: 8-918-706-65-15
(Казбек).**




**Цыппæрæм хатт мыхуыры рацыд Цгъойты Хазбийы чиныг «Ирон царды æгъдæуттæ». Адæм та йыл æхсызгонæй сæмбæлдысты. Балхæнæн æй ис Мыхуыры хæдзары дыккæгæм уæладзыджы, йæ аргъ – 500 сомы. Бадзурæн ис Тая Доронинамæ ахæм телефонтæй: 8-928-483-46-51; 25-92-72.**

**Оказываю услуги электрика качественно, надежно.
Все виды работ с гарантией.
Выезд и консультация бесплатно.
Тел.:
8-918-702-00-82 (Казбек).**

**Для повышения плодородия почвы продаем лучшее органическое удобрение – конский перегной в мешках.
Доставка.
Тел.:
8-928-856-90-89; 8-928-856-90-83
(Руслан).**

**Кладка каминов, мангалов, отопительно-жаровочных комплексов, осетинских печей под газ и под дрова.
Гарантия работы – 30 лет.
Работают профессионалы.
Тел.: 8-988-830-81-12 (Ирбек);
8-928-484-24-58 (Хамиц).**

**Выполняем ремонтные работы: шпаклевка, обои, карнизы, откосы, покраска, ламинат.
Тел.:
8-989-039-78-89
(Казбек).**

**Металлоизделия:
ворота, двери,
навесы из лексана,
металлоконструкции
любой сложности.
Тел.:
8-928-928-88-24.**





Номыры радхæссæг редактор — **Абайты Эдуард.**
Дизайн: 1-аг фарсæн — **Халиты Изæ;**
2-аг фарсæн — **Рубайты Нелли;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Гуыцмæзты Зæринæ.**
Корректортæ: 1-аг фарсæн — **Дзоцъиты Тамарæ;**
2-аг фарсæн — **Гаглойты Наташæ;**
3-аг фарсæн — **Хъойбайты Галинæ;**
4-æм фарсæн – **Кæлухты Фатимæ.**

**"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты**

**Газет уадзы РЦИ-Аланийы Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникациты комитет.**

**Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2023 азы 10 октябры (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00162)**

**Сæйраг редактор ФИДАРАТЫ Юрий**

**Сæйраг редакторы исæн уат – 25-96-27.**

Сæйраг редакторы хæдивæг: **Бутаты Эльзæ – 25-63-19.** Бæрнон нымæрдар: **Гапбаты Алетæ – 25-91-89.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз – 25-93-74, Абайты Эдуард – 25-99-33.** Рауагъды редактор: **Гæззаты Фатимæ – 25-96-16.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ – 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Саутæты Тамилæ, Татьяна Шеходанова** (къамисæг) – **25-96-31, Баскаты Уырызмæг – 25-91-88, Гугкаты Жаннæ – 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ – 25-94-57, Хъойбайты Галинæ – 25-90-54, Хæмыцаты Морис – 25-93-68, Хуыбиаты Ларисæ – 25-96-31.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ – 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ – 25-67-03.** Корректортæ – **25-93-36,** компьютерон цех – **25-93-97.**

➢ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ, æнæмæнг, бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
➢ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не ‘рвитæм.
➢ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрндзинад хæссынц сæ автортæ.
➢ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрндзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис: 362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11. Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ырыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр 1.88 мыхуырон сыфы. Газет цæуы къуыри фондз хатты. Индекс 53901. Тираж 2530. Заказ № 1042. Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа – 18.00. Мыхуырмæ фыст æрцыд – 18.00.

**Email: rastdzinad@mail.ru**
**Сайт: www.rastdzinad.ru**